Пролетару дуней псом тетхэ, фызэгухьэхэ!

# ЧЕРКЕС ПЛЪЫЖЬ

ВКП(б)-м и Черкесскэ обкомым, гуащIэрыпсэухэм я депутатхэм я Облсоветым, горкомым я органщ

№ 73 (2300) | ЩэбэтI, июным и 24-м 1944 гъ. | И уас. кI. 20

## СОВЕТСКЭ ИНФОРМБЮРОМ КЪЫБГЪЭДЭКIЫУ

### Июным и 22-м и оперативнэ сводкэ

Июным и 22-р екIуэкIыхункIэ ОНЕЖСКЭ гуэлым и ищхъэраIуэкIэ ди дзэхэм наступательнэ зауэ ирагъэкIуэкIащ, зауэхэкIэрэ бийр ОСТЕР-ГУЭЛЫМ и линиямрэ КУМСА псымрэ адэкIэ Iуадзыжахэщ, абыкIэрэ къащтащ ВЕЛИКАЯ ГУБА, гъущIгъуэгу станцхэу ВАНЗОЗЕРО, МАЛЫГА, ЛУМБУШ-ОЗЕРО (Мурманскэ гъущIгъуэгум щыщу).

ОНЕЖСКЭ, ЛАДОЖСКЭ гуэлхэм я зэхуакухэм деж ди дзэхэм, бийм и зигъэнэныгъэр зэпащIкIэрэ, къащтащ Ленинградскэ областым и районнэ центр ПОДНОРОЖЬЕ икIи ехъулIэныгъэ хэлъу зырагъэубгъуащ СВИРЬ псым и районнэ ЛОДЕЙНОЕ ПОЛЕ плацдармэм, къащтащ къуажэхэу НАЗАРЬЕВСКАЯ, СТАРАЯ, НОВАЯ СВИРЬСКАЯ СЛОБОДА.

КАРЕЛЬСКЭ перешейкэм деж ди дзэхэм, бийм и зигъэнэнигъэм текIуэхэкIэрэ, наступательнэ зауэ ирагъэкIуэкIащ, зауэкIэ къащтащ ЛАПИМЛАХТИ, РЕПОЛА, ЛЕХТОЛА, гъущIгъуэгу станц ТАЛИ.

Фронтым и адрей участкэхэм зэхъуэкIыныгъэ щIагъуэ къыщыхъуакъым.

Июным и 21-м и кIуэцкIэ фронтхэм деж хьэуэм щырагъэкIуэкIа зауэмрэ зенитнэ артиллериям и нафIэмрэ бийм и самолет 73 къыраудыхащ.

* * *

Онежскэ, Ладожскэ гуэлхэм я зэхуакухэм деж ди дзэхэм наступление ирагъэкIуэкIэщ. Н-скэ соединением и частым псынщIу бийм удын ирахкIэрэ, бийм и зигъэнэныгъэр зэпащIащ икIи къащтащ Ленинградскэ областым и районнэ центр Подпорожье. Зауэ здекIуэкIа губгъуэм финн солдатхэм я хьэдэ куэд къинащ. Плени, трофеи къащтахэщ. Ди частхэу, дыгъуасэ Свирь псым и ищхъэрэ IуфэмкIэ зэпырыкIахэм плацдармэр нэхъ ин щIыныгъэмкIэ зауэ ирагъэкIуэкIащ. Советскэ зэуакIуэхэр атакэ кIуэхэри финнхэр я оборонэм и укрепленнэ позицэхэм ирахужри къащтахэщ икIи нэмыщI къуажи 3. Н-скэ частым и боецхэм бийм и солдат, офицерхэу 450-м щIигъу яукIахэщ, топу—7 пулеметуэ—15, боеприпас щIэлъуэ склади 2 къащтахэщ.

* * *

Карельскэ перешейкэм деж Н-скэ соединением и частым, бийм и зигъэнэныгъэхэр зэпащIкIэрэ, къащтащ къуажэ заул икIи финскэ солдат, офицерхэу 800 яукIахэщ. Фащэхэмрэ IэщэхэмрэщIэлъу склади—2, вагонуэ—40 зауэ хьэпщып хьэлъэ ярылъу, топуэ—16, пулеметуэ—30, боеприпас куэдхэрикI къащтахэщ. НэмыщI зы участкэ гуэрым деж ди частыр хуэIэзэу къыпэкIухь маневрэхэр бийм и часть зэхэкъутахэр здикIуэтыжыным деж щыригъэкIуэкIащ икIи яукIахэщ финн 500-м нэсын. Старшэ сержант Брагин разведчик гупым я нэхъыщхьэу бийм и тылым ихьахэщ икIи къалъэгъуащ финскэ танкитху къуэгъэнапIэм кIуэхэу. Разведчикхэм ди танковэ подразделением хъыбар къырагъэщIащ икIи бий машинэм исхэм хамыщIыкIэуэ ди танкистхэр ятеуащ. финскэ танкистхэр зэтыраукIэхэри, ди боецхэм танкитху зэрэгъэпэщауэ къащтахэщ. Подразделение старшэ лейтенант Трофимов и красноармеец гупым къаухъуреихьащ икIи зэхаукIащ финскэ подразделением и солдатхэр, къащтащ танкищ, крупнэ калибернэ пулемет заулхэр,

Финскэ дзэ зэхуэсахэм ди авиациям удын хуабжь ярихащ икIи автомашинэ 70, гу 30-рэ дзэхэр ярысу, хьэлъэхэр ярылъу зэхакъутащ. Советскэ бомбардировщикхэмрэ штурмовикхэмрэ зэхэту гъущIгъуэгу зэхыхьэпIэхэм зэрытеуам къыхэкIкIэ, зэхакъутащ икIи ягъэсащ вагонуэ, платформуэ 350-м щIигъу. Летчик истребительхэм хьэуэм щырагъэкIуэкIа зауэхэм немецкэ-финскэ самолет 15 къыраудыхащ. Советскэ Союзым и ЛIыхъужь капитан Лихолетов махуитIым и кIуэцIкIэ бийм и самолети 4 къыриудыхащ.

Краснознаменнэ Балтийскэ флотым и авиацияр Выборгскэ заливым щыIэ бийм и кхъухьхэм теуащ. Транспорт щIырагъэлъэфахэщ и хьэлъагъыр тонн мин хъууэ, псынщIэрызекIуэ десантнэ баржи 4-рэ зы зыплъыхьакIуэ катеррэ. Бийм и кхъухь, баржэ заулхэм зэраныгъэ ирихащ. Хьэуэм щэкуэкIа зауэм бийм и самолети 7 къыраудыхащ.

* * *

Город Витебск и ипщэ-къуэкIыпIаIуэкIэ бийм и пехотэр нэхущэм деж зауэкIэрэ зиплъыхьын игугъащ. Боевой хъумапIэм щыIа гвардии старшэ сержант Еременко и стрелковэ отделениер пулеметым, автоматым и нафIэхэмкIэ еуэу хуейжьахэщ бийм. Гвардии рядовой Малышев гранатар яхидзэри гитлеровци 9 иукIащ. БжыгъэкIэ нэхъыбэ зэрыхъум емылъытауэ, бийм ехъулIэныгъэ лъэпIкъ къилъэщыфакъым икIи имыкIуэтыж хуакъым ди траншейхэм и екIуэлIапIэхэм деж я солдат, офицерхэм я хьэдэ 25 рэ къыIуанэкIэрэ. Старшэ лейтенант Боров и подразделением и снайперхэм махуипщIым и кIуэцIкIэ гитлеровцхэу 50-м нэс яукIахэщ. Снай-

(ЕтIуанэрей напэм еплъ)

# СОВЕТСКЭ ИНФОРМБЮРОМ КЪЫБГЪЭДЭКIЫУ

## Июным и 22-м и оперативнэ сводкэ

*(КIэух)*

пер Поддубный немец 11 иукIащ, спайпер Карауш—11, снайпер Лапатов—10.

* * *

Барановическэ областым щызауэ партизанскэ отряд заулым, май мазэм немецкэ воинскэ эшелон 27 зэщхьэпырагъэгъэдзащ икIи рельс миным щIигъу якъутахэщ. Паровозуэ-25, вагонуэ дзэярысхэу-52, вагон, платформхэм зауэ хьэпшып зэщымыщхэр ярылъу 120 якъутахэщ. Партизанхэм якъутахэщ шоссейнэ лъамыжи 10, связым и телеграфнотелефоннэ линиям щыщу километрэ 19 икIыхьэгъыу къырагъэжащ. Партизанхэм ирагъэкIуэкIа зауэм деж немецке зэрыпхьуакIуэхэу 800 яукIахэщ икIи уIэгъэ 700 ящIащ.

## Июным и 23-м и оперативнэ сводкэ

Июным и 23-р екIуэкыхункIэ город ВИТЕБСК и ищхъэрэ-къухьэпIаIуэкIэ икIи ипщэ-къуэкIыпIаIуэкIэ ди дзэхэм, артиллериямрэ авиациямрэ я удын хуабжьхэр къыдаIыгъкIэрэ, немецкэ-фашистскэ дзэхэм наступление яхуэкIуащ.

Ди дзэхэу, ВИТЕБСК и ищхъэрэ-къухьэпIаIуэкIэ наступать зышIхэм, бийм и укрепленнэ оборонэр зэпхатхъащ фронтым и кIыхьэгъыр километрэ 30 хъууэ, икум хэкIуэтащ километрэ 12-м къыщыщIэдзауэ километрэ 15-м нэсыхункIэ, зауэкIэ къащтащ къуажа 100-м щIигъу, абыхэм ящыщу Витебскэ областым и районнэ центр ШУМИЛИНО, къуажэшхуэхэу ВОЛОТОВКИ, СИРОТИНО, ГРЕБЕНЦЫ, ПЛИГОВКИ, РЫЛЬКОВО, НОВОСЕЛКИ, ДВОРИЩЕ, КРИЦКИЕ, ЗАМУТЬЕ, ДОБРИНО, ВЕРБАЛИ, ГУБИЦА, РЯБУШКОВО, ШПАКИ, БАГДАНОВА, ХОПИЛОВО, гъущIгъуэгу станцхэу СИРОТИНО, ЯЗВИНО ПОЛОЦК-ВИТЕБСК гъущIгъуэгум деж.

Ди дзэхэу, город ВИТЕБСК и ипщэ-къуэкIыпIаIуэкIэ наступать зыщIхэм, бийм икъукIэ игъэбыда укрепленнэ оборонэр зэпхатхъащ фронтым километрэ 25-рэ икIыхьэгъыу икIи икумкIэ кIуэтахэщ километри 8-м къыщыщIэдзауэ километри 10-м нэсыхункIэ. ЗауэкIэ къащтащ къуажэ 50-м щIигъу, абыхэм ящыщхэщ ЗАБЕЛИНО, ЗАМОСТОЧЬЕ, ЛЯДЕНЦЫ, ЛУСТИНОПОЛЬ, КУЗМЕНЦЫ, ВЫСОЧАНЫ, СТАРОБОБЫЛЬНОЕ, ОСИНОВКА, ШНИТКИ, КУРТЕНКИ, гъущIгъуэгу станц ЗАМОСТОЧЬЕ.

ГъущIгъуэгу ВИТЕБСК-ОРША ди дзэхэм зэпаупщIащ.

ОНЕЖСКЭ, ЛАДОЖСКЭ гуэлхэм я зэхуакухэм деж ди дзэхэр СВИРЬ псым и район ПОДПОРОЖЬЕ деж щызэпырыкIахэщ икIи къащтащ къуажэхэу ВОРОНИЧИ, МЯТУСОВО, КУКЕРЯГИ, ЧЕМОДАНОВА ГОРА, гъущIгъуэгу станц СУВОЛДА. А зэманым ирихьылIэу ехъулIэныгъэ хэлъу наступление ирагъэкIуэкIащ СВИРЬ и щхъэрэ псыIуфэм ЛОДЕЙНОЕ ПОЛЕ деж икIи къащтащ къуажэ 20-м щIигъу, абыхэм ящыщхэщ КОНДУШИ, КАРЕЛЬСКАЯ, ЧУРОВА ГОРА, УТОЗЕРО, ПОДОЛ, РУЧЬИ, СТАРЫЕ СЕРЕЖИ, КОВКЕНЦЫ, ГОРКА, КУТЛАХТА, ГУМБАРИЦЫ.

КАРЕЛЬСКЭ перешейкэм деж город ВЫБОРГ и ищхъэраIуэкIэ икIи ипщхъэрэ-къуэкIыпIаIуэкIэ ди дзэхэм, бийм и зигъэпэныгъэр зэпащIкIэрэ, къащтащ къуажэ заул, абыхэм ящыщхэщ МУСТАЛАХТИ, КАСТИАЛА, КУЙВАЛА, ЛАУНТАИМАЙЯ, ТАЛИ, РЕПОЛА.

Фронтым и адрей участкэхэм зэхъуэкIыныгъэ щIагъуэ къыщыхъуакъым.

Июным и 22-м и кIуэцIкIэ фронтхэм щырагъэкIуэкIа зауэмрэ зенитнэ артиллериями нафIэмрэ бийм и самолет 44 къыраудыхащ.

## Италиям зауэ щекIуэкIыр

ЛОНДОН, июным и 22-м. (ТАСС). Италиям щыIэ союзникхэм я нэхъыщхьэ штабым къырегъэгъэхьыр, уэфI хъуа щхьэкIэ союзникхэм я дзэхэм я ипэ кIуэтэныгъэр ятIэ узхэмыкIыфым зэтриIыгъащ. Адриатическэ фронтым и участкэм деж союзникхэм я дзэхэм я передовой отрядхэр Фермо бгъэдыхьахэщ. Фолиньо и ищхъэрэ-къуэкIыпIаIуэкIэ анлийскэ 8-рей армиям и частхэр иджы бгъэдохьэр Камерино, Ночера Умра. Перуджи и ищхьэрэ-къуэкIыпIаIуэкIэ икIи Тразименскэ гуэлым и гъунэгъуу союзникхэм я дзэхэр зауэкIэ ипэ кIуэтахэщ, бийм и зигъэпэныгъэ хуабжь къыищIр зэпащIурэ.

## Лэжьыгъэм фIыуэ кIэлъоплъхэр

Куэш-Хьэблэ къуажэм Воробьев и цIэкIэ зэхэт колхозым и кIуэцIкIэ лэжьыгъэм нэхъыфIу кIэлъоплъыр М. Абидокова и звенор. Абы и звеном хэт псорикI пщэддж ыжьым лэжьакIуэ жьыуэ докIхэр икIи кIыфI дыдэ хъуауэ къокIуэжхэр. Ахэр пылъщ фIыуэ зэрапщIэнум икIи я нормэхэр зэрырагъэкъунум. Абхуэду лажьэхэкIэрэ а звеном хэт псомькI 0,28—0,30 гектар япщIэхэр я нормэ 0,20 гектарым ипIэкIэ.

Абы къыкIэрыхукъым Шаова М. и звенорикI, зи нормэр махуэ къэсыхункIэ ирызыгъэкъур, фIыуэ япщIэкIэрэ.

Июным и 10-м къыщыщIэдзауэ колхозым мэкъу зэщIэкъуэжыным щIидзащ. Мэкъу зэщIэзыкъуэж колхозхэтхэм я кIуэцIкIэ соцзэхьэзэхуэм зырагъэубгъуащ, мэкъур фIыуэ зэщIакъуэжынум щхьэкIэ. Псом япэ итхэщ мэкъупыупщI Г. Бэлов, А. Абидоков сымэ, я нормэхэр проценти 120—150-кIэ ягъэзащIэхэу.

Ответ. редактор М. САКИЕВ.

ВУ 00216

Черкесская областная государственная типограф...